# Мақсетимиз-мәнаўий жетик, кәсиплик мәдениятлы жасларды тәрбиялаў

НПМИ оқытыўшысы ф.и.к А.Алламбергенов

Мәмлекетимиздиң билимлендириў тараўында, әсиресе жоқары оқыў орынларында әмелге асырылып атырған реформалар нәтийжесинде ерисилип атырған жетискенликлер Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасында белгиленген ўазыйпалардың басқышпа-басқыш әмелге асырылыўының нәтийжеси есапланады.

Базар экономикасы жоқары билимлендириў, тийкарынан мәнаўият, тәлим-тәрбия алдына жаңа талапларды қоймақта. Жоқары билимли, мәнаўиятлы кадрларды таярлаў системасын жаратпастан турып, елимиздиң экономикалық, аўыл-хожалығы ҳәм басқа да тараўлардың ҳәр тәреплеме раўажланыўын көз алдымызға келтириў қыйын.

Сондай-ақ, кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы талапларын әмелге асырыў барысында кәсиплик мәдениятқа ийе жоқары билимли қәнигелерди таярлаў әҳмийетли мәселе сыпатында белгиленген. Себеби, заман талапларына қарағанда, мәмлекеттиң экономикалық, пән, мәдений, техника ҳәм технологияның раўажланыўы алдыңғы идеяларды өзинде жәмлеген кәсиплик мәдениятқа ийе жоқары мәнаўиятлы қәнигелер хызметине байланыслы.

Президентимиз И.Кәримовтың «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» атлы мийнетинде:

«Мәнаўият-инсанды руўхый жақтан пәклениўге, журектен улғайыўға шақыратуғын, адамның ишки дүньясы, ерк-ықрарын беккемлейтуғын, ийман-исенимин пүтинлейтуғын, ҳүжданын оятатуғын теңсиз күш, оның бәрше көз-карасларының өлшеми»[1] деп атап өтиледи.

Ғәрезсизлик жылларында бул бағдарда көплеген жетискенликлерге ерисилди. Билимли, еркин пикирлеўши, дөретиўши излениўши, жоқары билимли, мәдениятлы ҳәр қыйлы тараў ийелерин таярлаў мәмлекет сиясаты дәрежесине көтерилди. Жоқары билимли қәнигелерди таярлаў процессиниң илимий тийкары жаратылды. Болажақ қәнигелердиң кәсиплик мәдениятын қәлиплестириў, жасларды жәмийетте жетик инсанлар етип кәмалға келтириў, жәҳән талапларына сай билим бериў, олардың дүнья көз-карасына жаңаша тәсир етиў ҳәм еркин пикирлеўге бағдарлаў ҳәзирги жәмийетимиздиң раўажланыўының зәрүр талабына айланды. Солардың дәлийли сыпатында Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2012-жыл 10-декабрьде «Шет тиллерди үйрениў системасын буннан былай да жетилистириў илажлары ҳаққында» ғы қарарының қабыл етилиўиде әҳмийетли орын тутады. Бунда

[1] Каримов И.А. «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш». Тошкент, «Маънавият» 2008

«Заманагөй педагогикалық ҳәм мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда оқытыўдың алдыңғы усылларын енгизиў жолы менен өсип киятырған жас әўладты шет тиллерге оқытыў, сол тиллерде еркин сөйлесе алатуғын қәнигелерди таярлаў системасын түп-тийкарынан жетилистириў және соның негизинде, олардың жәҳән цивилизациясы жетискенликлери менен жер жүзилик мәлимлеме ресурсларынан кең көлемде пайдаланыўы, халықаралық бирге ислесиў ҳәм байланысты раўажландырыўы ушын шараятлар менен имканиятлар жаратыў»[1] ҳаққында кең түрде тоқтап, ўазыйпалар белгиленген.

Демек, ҳәр бир талаба шет тилин ҳәм информациялық технологиялары бойынша терең билимге ийе болыўы арқалы өзиниң жоқары мәнаўиятлы, руўхый бай, мәдениятлы қәниге болып жетилисиўи ушын тийкар жаратады. Бундай қәниге әлбетте ғәрезсиз елимиздиң раўажланыўы, халқымыздың пәраўан турмыс кешириўи ушын хызмет қылады ҳәм өз заманласларына өрнек болары сөзсиз.

Сонлықтан бүгинги күнде, ҳәр бир қәнигениң ғәрезсиз өз үстинде ислейтуғын бәсекиге шыдамлы кадрлар етип таярлаўға айрықша итибар берилмекте. Бул болса өз нәўбетинде ҳәр бир қәниге мәдениятын, билимин турақлы жетилистириў ушын шәраят жаратыўды, излениўди, умтылыўды талап қылады. Әсиресе, жасларға миллий идея, руўхыйлық тийкарлары бағдарында тереңирек билим бериў, үйретиў, қызықтырыў арқалы болажақ мәнаўиятшылар билимин, мәдениятын жетилистириўге тийкар жаратпақтамыз. Бунда, жоқары тәлимде оқыў-тәрбия барысын қызықлы ҳәм мазмунлы болыўын тәмийнлеў менен бирге талабаларда өз қәнигелегин терең ийелеў имканияты туўылады.

Мәнаўият инсан турмысында, жәмийет ҳәм шахс раўажланыўында әҳмийетли орын тутады. Мәнаўият-улыўмаинсаный мәдениаттың тийкарғы негизи сыпатында инсаният жаратқан пүтин байлықларды, терең билимлерди өзине қамтып, түрли кәсип ийелери ол яки бул тараўды әмелде раўажландырыўға үлес қосады.

Мәнаўиятты қәлиплестириў ўазыйпасы ақыл, әдеп-икрамлық, илимий, әмелий, идеологиялық идеялар менен тығыз байланысқан. Бүгинги күнде ўатанпәрўарлық, инсанпәрўарлық, миллий мақтаныш туйғылары, тәбиятты қорғаў, ҳәр қандай шәраятда ана-журт мәпин, мәмлекетимиз ғәрезсизлигин қоллап-қуўатлаў, ҳүрмет пенен қараў киби туйғылардың барлығы бизиң мәнаўий байлығымызға байланыслы. Соны айрықша айтыў керек, талабаларда кәсиплик мәдениятты қәлиплестириў оқытыўшылардың педагогикалық хызмети менен жақыннан байланысып келеди. Ал, оқытыўшының тәлимди өндирис пенен байланыстырыўы, әмелият пенен уйғынластырыўы, талабалардың қәбилетлери, интеллектуал дәрежелери ҳәм имканиятларын қәлиплестириўде унамлы нәтийже береди.Бул болса ҳәр бир талабадан өз қәнигелигин жақсы билиўин, ақыл, ой дәрежесиниң жоқары болыўын талап қылады. Әлбетте, бунда оқытыўшының тәлимди

[1] «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 2012-жыл 13-декабрь №149 сан.

ақылана, нәтийжели жол менен шөлкемлестириўи ҳәм алып барыўы талабаларда кәсипке саналы мүнәсибетти пайда етиўи, кәсиплик мәдениятты қәлиплестириўдиң тийкарын қурайды.

Оқытыўшының кәсипке таярлығы нәтийжесинде талаба-жаслар кәсип-өнер дәстүрлери ҳәм үрп-әдетлери ҳаққында терең билим алады. Талабалардың кәсипке болған қызығыўшылығы артады. Кәсипке таярлық барысы даўамында саламат мәнаўий орталық жаратылады. Талаба жаслардың кәсиплик мәдениятын қәлиплестириў, бириншиден, кәсиплик таярлығы барысының табыслы болыўына, екиншиден, кәсиплик тәлими мазмунына ҳәм оқытыўшы-талаба байланысы хызметине байланыслы. Өз-ара байланыс хызмети дөритиўшиликти, жуўапкершиликти, белсендиликти талап қылады. Бунда ҳәр бир сабақтан оқытыўшы мақсетти анық көре билиўи, әмелге асырылатуғын ўазыйпаларды дурыс белгилеп алыўы лазым. Усы себепли, талабаларда кәсиплик мәдениятты қәлиплестириў оқытыўшыдан излениўшилик пенен жумыс алып барыўды талап етеди.

Солай екен, ҳәр бир оқытыўшы өз шеберлигин үзликсиз асырып барыўы, ҳәзирги күнниң жоқары талапларына сай заманагөй билим ҳәм тәжирийбелерин өзлестириўи, дөретиўшилик мийнет қылыўы талабаларда кәсиплик мәдениятты қәлиплестириўде терең әҳмийетке ийе.

«Билимлендириў ҳаққында» ғы Нызам, Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы талапларын терең үйрениў, оқыў барысының илимийлигине, заман талапларына сайлығына, оқытылып атырған оқыў пәнлериниң илимий ҳәм руўхый-тәрбиялық бирлигине ерисиў талабалардың билим дәрежесиниң жоқары көрсеткиште болыўын тәмийнлейди. Оқытыўшы талабаларда кәсиплик мәдениятты қәлиплестириўде олардың руўхый, әдеп-икрамлық дүнья қарасына да айрықша әҳмийет бериўи керек. Талабаларда үлкенлерге ҳүрмет ҳәм иззет, жақсылық, дөретиўшилик идеяларын кәмал таптырыў мақсетке муўапық болып есапланады.

Себеби, талабалардың жүдә пәклиги, дүньяға көз-қарасы, киши пейиллиги, жоқары ҳәм өткир жәмийетлик орталықта турып, жанып, ҳадал, терең, қызықлы ҳәм терең пикирлей алыўы Ўатан, халық мәпине шын жүректен хызмет қылады. Миллеттиң миллет, халықтың халық болыўына нәтийжели тәсир көрсетеди.Усы орында академик Ж.Базарбаевтың мына пикирин айтып өтиў орынлы.

«Ҳақыйқатына келсек зыялы адам-билимли адам. Билимли адам интеллектуаль ҳәм кишипейил адам. Себеби, билим-ақылдың дереги. Билимлилик – ақыллылық, әдеплилик, өнерлилик, жетиклик дегенди аңлатады».[1]

Жуўмақлап айтқанымызда Президентимиз И.Кәримов «Билимлендириўди тәрбиядан, тәрбияны болса билимлендириўден ажыратып болмайды» дегениндей жаслар тәрбиясында шаңарақ, оқыў орны, кең жәмийетшилик тығыз байланысқан ҳалда алып

[1] Базарбаев Ж.Топлам.«Қәдириятлар–мәнәўият арнасы»,Нөкис,«Қарақалпақстан»баспасы,2013-жыл 149-бет.

барылса, олар әлбетте, мәнаўиятлы, билимли болады, еӊ баслысы өз кәсибин сүйетуғын жасларды тәрбиялаўда ҳеш қандай машқала болмайды.

Пайдаланылған әдебиятлар:


1. Каримов И.А. Юксак маънавият-енгилмас куч. Тошкент. «Маънавият», 2008.
2. Каримов И.А. Юксак малакали мутахассислар тараққиёт омили.-Т.: Ўзбекистон,1995.
3. Каримов И.А. Баркамол авлод-Ўзбекистон тараққиёти пойдевори.-Т.: Ўзбекистон, 1997.
4. Базарбаев Ж. Топлам. «Қәдириятлар–мәнәўият арнасы», Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 2013-жыл
5. Муслимов Н.А. Бўлажак касб таълими ўқитувчисининг касбий маданиятини шакллантириш.-Т.: Фан, 2004.
6. Мухаммедов Ғ.И., Тўрақулов Х.А. Замонавий педагогик тадқиқотларнинг илмий-назарий асослари.-Жиззах: ЖДПИ, 2004.
7. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 2012-жыл 13-декабрь №149 сан.